



Pou Piblikasyon Imedya: 02/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN PWEN YO NAN BIDJÈ ANE FISKAL 2021 AN

Li adopte pwogram Konje Maladi Peye ki pi djanm nan nasyon an & redui taks klas mwayèn yo

Li legalize matènite sibstitisyon ki pa jenetik

Li adopte premye lwa nan nasyon an sou teworis nasyonal

Li entèdi moun ki komèt yon ofans grav nan lòt eta yo jwenn lisans pou zam nan NY

Li entèdi sigarèt elektwonik awomatize & mete limit sou kopeman pou kapsil ensilin a 100 dola pa mwa

Li rann 'Taks Woz' ilegal ki te pèmèt diskriminasyon pri ki baze sou sèks

Li entèdi yon fason pèmanan fraktirasyon idwolik ak distribisyon ak itilizasyon polistirèn

Gouvènè Cuomo: *"Li ta trè fasil pou di, 'O, sa se yon ane ekstraòdinè; an nou jis fè strik minimòm nan epi ale lakay nou'. Nou te fè kontrè a. Nou te di ke gen anpil bezwen e gen anpil pwoblèm ki bezwen regle, e nou te fè entèvansyon e nou te regle li".*

VIDEYO pou Gade Deklarasyon Gouvènè a Disponib sou YouTube [Isit la](#) epi nan Fòm Kalite Televizyon [Isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse pwen enpòtan nan Bidjè ki Adopte pou Ane Fiskal 2021 an, ki avanse ajanda Fè Bagay yo Vanse (Making Progress Happen) Gouvènè a. Bidjè a ekilibre, pa gen okenn nouvo taks, li kontinye redui taks pou klas mwayèn nan, li adopte pwogram Konje Maladi Peye ki pi djanm nan nasyon an, ak avanse lòt priyorite pwogresif ki gen ladan legalizasyon matènite sibstitisyon ki pa jenetik.

Bidjè a adopte tou "Lwa sou Teworis Nasyonal kont Krim Rayisans Josef Neumann" — (Josef Neumann Hate Crimes Domestic Terrorism Act) lan yo te nommen li nan memwa viktim kout kouto ki te trepase lendi ki sot pase a nan Monsey — defini krim alimente pa rayisans ak entansyon pou koze lanmò an mas kòm yon zak teroris nasyonal ak pèn ki ekivalan ak lòt zak teworis yo.

Bidjè a fèmen yon brèch pou entèdi moun ki komèt ofans grav nan lòt eta pou yo jwenn yon lisans zam nan New York. Li pèmèt tou jij yo entèdi agresè seksyèl ki a risk elve yo ak moun ki agrese anplwaye MTA yo pou yo gen aksè nan sistèm metro, otobis ak tren MTA yo.

Bidjè a pwomouvwa sante piblik pou entèdi vant sigarèt elektwonik awomatize epi limite kopeman pou ensilin a 100 dola pa mwa.

Bidjè a entèdi tou diskriminasyon ki baze sou sèks lè li elimine "taks woz la".

Bidjè ke yo adopte a pral entèdi tou fraktirasyon idwolik nan lwa eta a pou asire ke nou pwoteje resous natirèl nou yo.

Bidjè a otorize tou yon rediksyon depans ki estime a 10 milya dola kont teni enpak ekonomik pandemi COVID-19 la.

"Sa a se yon moman nan istwa kontrèman ak nenpòt ki lòt, epi gouvènman an bezwen fonksyone ak bay rezilta pou moun ki nan eta sa a kounye a plis pase avan an — e se ekzakteman sa ke nou te fè ak bidjè sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lefèt ke lejislati a ak Egzekitif la te fè bidjè sa a fèt ak tout inisyativ politik sa yo se yon eksplwa ekstrawòdinè, e mwen remèsye Oratè Heastie, Lidè Stewart-Cousins ak chak manm nan lejislati a. Li ta trè fasil pou di, 'O, sa se yon ane ekstraòdinè; an nou jis fè strik minimòm nan epi ale lakay nou'. Nou te fè kontrè a. Nou te di ke gen anpil bezwen e gen anpil pwoblèm ki bezwen regle, e nou te fè entèvansyon e nou te regle li. Se sa ki te fè ane sa a reyèlman ekstrawòdinè."

GRAN PWEN KI NAN BIDJÈ 2021 FÈ BAGAY YO VANSE YO ADOPTE A

Tabli Konje Maladi Peye pou Nouyòkè k ap Travay yo: Pou bay anplwaye New York yo plis kapasite ak pou pwoteje tout konsomatè yo nan Eta a, Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a adopte yon pwogram konje maladi peye pou anplwaye New York yo. Biznis ki gen ant senk a 99 anplwaye yo pral ofri anplwaye yo omwen senk jou konje maladi peye plis pwoteksyon pou pòs travay yo pa ane epi biznis ki gen 100 anplwaye oswa plis yo pral ofri omwen sèt jou konje maladi peye pa ane. Ti biznis yo, ki gen kat anplwaye oswa mwens, pral garanti anplwaye yo senk jou konje yo pa peye plis pwoteksyon pòs travay yo chak jou. Ti biznis yo ki deja ofri konje maladi peye yo ka kontinye fè sa a.

Legalizasyon Matènite Sibstitisyon ki pa Jenetik nan Eta New York: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a legalize matènite sibstitisyon ki pa jenetik nan Eta New York yon fwa pou tout, sa k'ap ede koup LGBTQ yo ak koup ki gen difikilte pou yo konsevwa timoun yo. Lejislasyon an pral tabli tou kritè pou kontra sou matènite sibstitisyon ki bay pwoteksyon ki pi solid nan nasyon an pou paran yo ak pou manman pòtez yo, sa k ap asire ke tout pati konsène yo bay yon konsantman byen enfòmè nan chak etap pwosesis la, epi li pral kreye yon Deklarasyon Dwa Manman Pòtez yo (Surrogates' Bill of Rights) ki pral asire dwa enkonidyonèl manman pòtez yo genyen pou yo pran desiyon sou swen sante pwòp tèt yo, ki gen ladan si pou yo avòte oswa kontinye yon gwosès epi ke manman pòtez yo gen aksè a asirans medikal global ak konseye legal endepandan yo chwazi, epi se paran ki vle timoun lan ki dwe peye tout frè sa yo.

Lejislasyon an gen ladan bidjè ki pral kreye tou yon pwosesis senplifye pou etabli parante lè youn nan endividi yo se yon paran non-byolojik, yon pwosesis yo konnen sou "adopsyon dezyèm paran".

Adopsyon "Lwa Kont Teworis sou Krim Rayisans nan New York": Bidjè Ane Fiskal 2021 an etabli yon "lwa teworis nasyonal ki motive pa rayisans" kòm yon nouvo krim klas A-1 ki sijè a prizon avi san liberasyon kondisyonèl.

Fèmen Fay Administratif pou Zam Andeyò Eta a: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a enkli lejislasyon pou entèdi ak tout endividi pou yo jwenn yon pèmi zam afe ki komèt deli ki grav andeyò Eta a ki te lakoz yo diskalifye pou jwenn pèmi zamafe tankou si yo te komèt nan New York. Sa pral asire yon pi gran koyerans nan rejim pèmi New York la epi pral garanti ke moun yo entèdi pou achte yon zamafe jwenn kapab fè sa. Bidjè yo Adopte a enkli tou lejislasyon pou oblije tout òganism fòs aplikasyon lalwa eta ak lokal yo nan Eta adere ak pwogram pataj done sou zam ATF yo epi soumèt zam yo rekipere yo nan sistèm eTrace ATF la. Anplis de sa, Bidjè yo Adopte a enkli lejislasyon ki vize modifye lwa sou ijyèn pou kapab pèmèt a New York pataje avèk lòt Eta divès rapò ki konsène moun ki reprezante yon danje pou tèt yo oubyen pou lòt moun.

Lojman ak Sèvis pou Moun ki Sanzabri, ki gen Ladan Sila ki Soufri Maladi Mantal yo: Kominote sanzabri New York la ak sila ki soufri maladi mantal yo fè pati popilasyon ki pi difisil pou moun ede. Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a enkli yon estrateji agresif ak sipò adisyonèl pou bay lojman ak sèvis pou popilasyon vilnerab sa yo.

Adopte yon Règleman Kontwòl Konpreyansif sou Tabak. Gouvènè Cuomo te pran mezi san presedan pou asire ke sante ak sekirite tout Nouyòkè yo nan konbat itilizasyon pwodwi tabak ak nikotin ki danjere yo. Bidjè yo Adopte a entèdi vant oswa distribisyon sigarèt elektwonik oswa pwodwi vapotaj ki gen karakteristik awòm sof si yo apwouve nan kad apwobasyon pre-mache FDA a; li entèdi vant pwodwi tabak, ki gen ladan sigarèt elektwonik, nan tout famasi yo; li mete restriksyon sou livrezon pwodwi likid elektwonik yo ki dwe fèt sèlman nan magazen an detay vapotaj ki gen lisans NYS yo; li mete restriksyon sou ekspozisyon piblik pwodwi tabak ak vapotaj tou pre lekòl yo; li egzije manifaktirè pwodwi vapotaj yo divilge bay Komisè DOH ak piblik la, enfòmasyon konsènan engredyan yo, pou chak pwodwi, oswa kontaminan nan pwodwi vapotaj yo, ke yo ajoute volontèman oswa envolonètman; li entèdi kèk lwil sipò si yo detèmine ke yo danjere; li entèdi kupon ak rabè manifakti ak ekspozisyon nan boutik; epi li ogmante pèn pou vann pwodwi tabak bay minè yo ilegalman:

Preskripsyon Medikaman: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a gen yon plan an twa pati pou diminye frè preskripsyon medikaman pou tout Nouyòkè yo. Bidjè a plafone kopeman pou ensilin nan 100 dola pa mwa pou pasyan ki asire yo pou ede adrese depans ki ap ogmante pou ensilin yo sa ki bay kòm rezilta ke pasyan dyabèt yo ap rasyone, sote dòz yo epi pa egzekite preskripsyon yo. Finalman, Bidjè yo Adopte a etabli yon komisyon ekspè pou etidye fezabilite ak avantaj yon pwogram enpòtasyon medikaman Kanadyen epi soumèt yon plan bay Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) an pou revizyon.

Elimine "Taks Woz" la: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a entèdi diskriminasyon pri ki baze sou sèks pou pwodwi oswa sèvis ki sanble oswa ki parèy. Lwa a t ap egzije kèk founisè sèvis pou yo founi lis pri sèvis estanda sou demann epi pran nòt sou

diskriminasyon pri ki fèt sou sèks yo lwa eta a entèdi sa. Y ap sanksyone biznis ki vyole lwa sa a.

LI te otorize Konstrikyon Lwa sou Obligasyon Restore Manman Lanati a ki estime a 3 milya dola a: Bidjè a otorize kreyasyon yon Lwa sou Obligasyon pou finansman pwojè anviwònman ak reduiksyon kliman ki enpòtan nan chak kwen nan eta a pou asire New York kapab adapte ak konsekans chanjman klima a k'ap entansifye, epi redwi degajman yo, pandan n'ap kreye travay ak devlopman ekonomi lokal. Nan kad Inisyativ Restore Manman Lanati (Restore Mother Nature Initiative) ki pi vas la, Lwa sou Obligasyon an pral yon sous kle nan finansman pwojè ki fòkis sou diminye risk inondasyon, envesti nan enfrastruktir ki rezilyan, restore dlo dous ak marekaj dlo yo, prezève espas lib, konsève zòn forestyè yo, ak diminye polisyon ki soti nan ekoulman dlo agrikòl ak tanpèt. Li pral finansman tou jiska 700 milyon dola nan pwojè pou batay kont chanjman klima, ki gen ladan bilding vèt yo. Li gen pou objektif tou pou depans 35 pousan nan finansman pwojè yo pou benefisye zòn defavorize yo nan eta a. Direktè Bidjè a pral evalye finans eta a ak pèspektiv ekonomik la nan fen ane sa a, epi pran yon detèminasyon pou konnen si pou avanse pou pi devan ak Lwa sou Obligasyon an.

Entèdi fraktirasyon idwolik yon fason pèmanan an: Bidjè yo Adopte a kalifye entèdiksyon Gouvènè Cuomo sou Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) ki apwouve pèmi ki ta otorize yon aplikasyon fore, fouye, bouche oswa transfòmè pui ki itilize anpil volim fraktirasyon idwolik pou konplete oswa rekonplete yon pui. Anplis de sa, li mete yon moratwa sou fiti aplikasyon fraktirasyon idwolik pwopriyete a jèl jiskaske Depatman an ka fè yon analiz sou enpak metòd achèyman sa a. Sa a pral pwoteje sante Nouyòkè yo epi asire anviwònman nou an pa sibi domaj akoz pratik sa a yon fason pèmanan.

Kontinye Rediksyon Taks yo pou Klas Mwayèn lan: Bidjè yo Adopte ane sa kontinye bese to Taks sou Revni Pèsonèl yo pou Nouyòkè klas mwayèn lan yo. An 2020, ki se twazyèm ane nan kad rediksyon taks sou plizyè ane yo te adopte an 2016 la, yo te redui to taks sou revni yo soti 6.85 pousan pou vin 6.09 pousan pou kontribiyab salè yo nan tranch revni ki ant 43,000 dola - 161,550 dola ak 6.41 pousan pou sila yo ki nan tranch revni ki ant 161,550 dola - 323,200 dola. Yo prevwa rediksyon sa yo ap fè 4.7 milyon Nouyòkè ekonomize plis pase 1.8 milya dola ane sa a. Anplis de sa, to taks sou revni yo pral kontinye desann rive 5.5 pousan pou kontribiyab ki touche nan tranch revni ki ant 27,900 dola a 161,550 dola ak 6 pousan pou sila yo ki nan tranch revni ki ant 161,550 dola - 323,200 dola. Lè tout rediksyon yo konplètman antre an vigè, kontribiyab klas mwayèn yo pral resevwa yon to taks sou revni ki redui jiska 20 pousan, sa k ap rive 4.2 milya dola ototal nan ekonomi anyèl pou sis milyon kontribiyab ki pral ranpli taks apati 2025. Pandan nouvo to yo ap antre an vigè, yo pral vin to taks ki pi ba pou klas mwayèn lan nan Eta a depi plis pase 70 zan.

Ogmantasyon ak Modènizasyon Kapasite Repons Ijans yo: Plis pase 60 pousan konte New York yo te inonde de fwa pandan 10 zan ki sot pase yo. Nou dwe prè pou n jere ogmantasyon sitiyo ijans sa yo k ap menase lavi moun yo. Se yon nouvo defi kwasan operasyon eta nou an yo ap konfwonte deplizanpli. Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a kenbe 12 milyon dola nan finansman kapital pou ogmante ak modènize kapasite repons ijans Eta a pou fanm ak gason vanyan nou yo ka gen ekipman apwopriye pou yo fè travay yo.

Abòde Pwoblèm Ansyen Konbatan yo ak Swisid Ajan Fòs Aplikasyon Lalwa yo: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a envesti 1 milyon dola pou fè patenarya ak òganizasyon pou ede ansyen konbatan yo, ajan fòs aplikasyon lalwa yo ak premye sekouris yo nan kad efò prevansyon swisid yo. Bidjè a mande ajans eta yo tou pou yo agrandi estrateji prevansyon swisid pou ansyen konbatan yo, ajan fòs aplikasyon lalwa yo, ofisye prizon yo ak premye sekouris yo, ki gen ladan yon nouvo kanpay ke Biwo Sante Mantal la (Office of Mental Health, OMH) ap antreprann pou redui wont ki asosye a maladi mantal yo. Anplis de sa, Eta a pral konvoke yon panèl k ap gen pati konsène ak ekspè yo pandan Konferans Anyèl sou Prevansyon Swisid li a (Suicide Prevention Conference) pou elabore ak reyalize estrateji pou anpeche swisid pami popilasyon espesyal sa yo.

Ajoute E Pluribus Unum nan Blazon Eta a: Zansèt nou yo te di byen klè ke lide inite a te kle pou avni Etazini. An 1782, nan premye so Etazini an, yo te di nan twa mo byen senp - E Pluribus Unum, pami plizyè, youn. Gouvènman federal la ak nasyon nou an sanble te bliye ke prensip Ameriken esansyèl sa a. Nan moman difisil sa a, Eta New York ap raple nasyon an kiyès nou ye lè nou ajoute E Pluribus Unum nan blazon eta a nan kad Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a k'ap pwoklame nan moman lèd sa a verite senp lan ke san inite nou pa anyen.

EKONOMI EKOLOJIK AK ANVIWÒNMAN

Akselere pwojè enèji renouvlab yo ak estimile kwasans ekonomik kòm yon pati nan agenda klima k'ap mennen nan nasyon an: Bidjè yo Adopte a enkli Lwa sou Kwasans Akselere Enèji Renouvlab ak Benefis Kominotè (Accelerated Renewable Energy Growth and Community Benefit Act) pou akselere yon fason konsiderab pèmi ak konstriksyon pwojè enèji renouvlab yo pou konbat chanjman klimatik la epi fè ekonomi vèt eta a pwogrese. Eta a pral akselere livrezon transmisyon renouvlab tou. Lwa a pral kreye yon nouvo Biwo Pèmi Enèji Renouvlab (Office of Renewable Energy Permitting) pou amelyore epi rasyonnalize pwosesis seleksyon sit ki respekte nòm anviwònmantral epi ki rantab pou pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo atravè New York pandan l'ap bay avantaj enpòtan a kominote lokal yo. Sit ki "Prepare pou Konstwi" yo pral apwouve davans, y'ap otorize yo ak mete yo nan vant ozanchè pou devlopè yo pou yo priyore re-itilizasyon sit komèsyal abandone yo, zòn endistriyèl yo, depotwa yo, ansyen sit endistriyèl yo, ak sit ki pa itilize ase yo. Mezi sa yo pral akselere pwogrè nan direksyon objektif enèji pwòp ak klima k'ap mennen nan nasyon Gouvènè Cuomo a - ki enkli manda pou jwenn 70 pousan elektrisite eta a apati sous renouvlab yo - jan yo idantifye anba Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a.

Entèdi distribisyon ak itilizasyon polistirèn: Bidjè yo Adopte a entèdi distribisyon ak itilizasyon polistirèn elaji, ke yo rele souvan stiwofòm, ki se yon resipyan yo itilize pou manje yon sèl fwa. Li entèdi tou, vant konsiderab materyèl anbalaj an polistirèn yo rekonèt kòm woulo anbalaj. Sa se entèdiksyon ki pi solid nan Etazini e li pral antre anvigè nan dat premye janvyè 2022.

Adopte Lejislasyon Global sou E-Bike ak E-scooter: Pou ka gen plis moun ki pa kondi machin, Bidjè Ane Fiskal 2021 an enkli lejislasyon konpreyasiv pou legalize ak agrandi rezo e-bike ak e-scooter a san l pa konpwomèt sekirite piblik.

Kredi Taks Ekonomi Vèt: Bidjè a kreye yon nouvo Kredi Taks ranbousab, ak diskresyonè pou anplwa k'ap totalize jiska 7.5 pousan nan salè pou chak nouvo anplwa nèt ki te kreye k'ap favorize ekspansyon biznis ekonomi vèt yo ak pozisyon Eta New York pou kapitalize plis sou kwasans ekonomik ke yo prevwa a. Eta a pral kreye tou yon Kredi Taks pou Investisman Vèt (Green Investment Tax Credit) ranbousab, diskresyonè k'ap totalize jiska 5 pousan nan nouvo envestisman sou kapital ki kalifye an koneksyon avèk pwojè ekonomi vèt ki kalifye ak ogmante jiska 8 pousan nan investisman ki elijib pou rechèch ak devlopman nan pwojè ekonomi vèt ki kalifye yo.

KONSTWI YON NOUVO NEW YORK

Reyimajine Kanal Erie a: Pou ajoute sou konklizyon Gwoup Travay pou Reyimajine Kanal Erie a, Otorite Enèji New York (New York Power Authority) la, k ap sipèvizè Canal Corporation kòm yon filyè kounye a, pral investi 300 milyon dola pandan senk ane k ap vini la yo pou entegre santye Empire State Trail la ak Kanal Erie a pa mwayen yon nouvo pwogram ki pral ankouraje touris ak devlopman ekonomik, abòde defi anviwònmantral yo pa t konnen yon syèk pase, epi kreye yon resous ki pral amelyore kalite lavi nan kominote ki olon 579 kilomèt kolòn vètebral Kanal Erie a. Yon premye faz finansman ap kòmanse ane sa ki pral gen de (2) pati: yon finansman 100 milyon dola pou devlopman ekonomik pou investi nan kominote toutolon Kanal la ak yon lòt 65 milyon dola investisman separe nan solisyon ki pral ede anpeche fòmasyon blòk glas ak inondasyon ki an rapò nan zòn Schenectady la. Apresa, yo pral atribiye rès 135 milyon dola nan plan finansman an pou rechèch Gwoup Travay Reyimajine a rekòmande a, ansanm ak solisyon ki an rapò ak kontwòl dega inondasyon, prevansyon espès anvayisan yo ak restorasyon ekosistèm lan.

Devlope Yon Estrateji Inovan Pou Konstwi Wout Tren a Grand Vitès Nan New York: Gouvènè Cuomo pral konvoke yon ekip ekspè ak enjenyè vizyonè pou yo reyegzamine plan pou wout tren a grand vitès yo te elabore nan tan pase yo, pou kesyone epi repanse chak ipotèz ak metòd, epi rekòmande yon nouvo plan sou fason pou konstwi wout tren a grand vitès ki pi vit, pi ekolojik, ak pi fyab nan New York.

Investi nan wout ak pon yo: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a sipòte 6 milya dola pou plan kapital Depatman Transpò (Department of Transportation) a nan Ane Fiskal 2021 an, ki gen ladan 2.6 milya dola pou wout ak pon nan Rejyon nò a.

Investisman rejyonal yo sible yo

Transfere Fouryè Remòkaj Apontman 76 la al nan Pak Rivyè Hudson pou yo Reyitilize I: Bidjè Ane Fiskal 2021 to Adopte a egzijè yon plan pou resi fè transfè Pier 76 (Opontman 76) la ki yo te rapòte plizyè fwa deja soti nan itilizasyon I kòm yon fouryè remokaj pou NYPD pou vin sou kontwòl operasyonèl Fidisi Pak Rivyè Hudson (Hudson River Park Trust) lan pou yo ka entegre I nan konplèks pak la, sa k ap maksimize espas bwaze, aksè rekreyasyonèl ak aksè kominote ak potansyèl komèsyal. Kòm yon pati nan lejislasyon an, NYPD dwe kite Pier 76 lib nan fen ane 2020 an.

Transfòmasyon North Aud Block Buffalo a: Siptòte pa Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a, Eta a pral devlope North Aud Block Canalside Buffalo a ak amelyore aksè a rivaj dlo vil la, ki gen ladan bilding rezidansyèl ak komèsyal a izaj miks ak yon plas piblik pou popilasyon an itilize, baze sou opinyon kominote a ak pati konsène yo. Sa a

gen ladan tou, pwochen estasyon tren y ap mete nan Buffalo a ak kowòdinasyon l ak nouvo katye North Aud Block la.

Kreye Premye Sant Edikasyon Ak Fòmasyon Mendèv Konplè Eta a nan

Syracuse: Pou satisfè nouvo deman nan sektè syans, teknoloji, enjeniri, atizay, ak matematik yo nan Syracuse, Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a sipòte kreyasyon Premye Sant Edikasyon Ak Fòmasyon Mendèv Konplè Eta a nan New York Santral. Sou administrasyon Distri Lekòl Vil Syracuse la (Syracuse City School District) an patenarya ak SUNY Empire State College ak lòt lekòl ak inivèsite lokal yo, Sant lan pral ofri opòtinite edikasyonèl espesyalize ak pwogram fòmasyon mendèv depwent nan teknoloji avanse pou etidyan ak rezidan yo toupatou nan rejyon an. Eta a pral ranbouse 98 pousan, oswa 71.4 milyon dola, na depans yo fè pou renove bilding kote Sant lan pral ye a. Yo pwograme pou Sant Edikasyon Ak Fòmasyon Mendèv Konplè Syracuse la ouvri an 2021, epi li pral sèvi jiska 1,000 etidyan, ansanm ak rezidan ki nan kominote a.

Agrandi Konpayi Teknoloji Avanse yo nan Rochester: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a sipòte ekspansyon twa gwo konpayi teknoloji depwent nan vil Rochester ki pral fè ekonomi rejyonal Finger Lakes la devlope plis kòm yon pati nan angajman kontinyèl Gouvènè a pou devlope ekosistèm teknoloji depwent nan ak ozalantou Zòn Inovasyon Anba Lavil Rochester. Agrandisman konpayi sa yo pral kreye plis pase 700 djòb anndan ak toupre Zòn Inovasyon Sant Vil Rochester a (Downtown Innovation Zone).

Fòmasyon pwofesyonèl Avni: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a sipòte Sant Avni Travay (Future of Work Centers) ki plase an premye lye nan nasyon an ki pral bati sou siksè nan Northland Workforce Training Center nan Buffalo epi etabli de Sant Avni Travay k'ap mennen nan nasyon an. Sant Avni Travay sa yo pral fè patenarya avèk sektè prive a, òganizasyon kominotè yo, ak sistèm SUNY ak CUNY pou kreye nouvo kalifikasyon akoutèm ki pa bay yon lisans ak pwogram mikwo-kalifikasyon pou ofri konpetans anplwayè yo bezwen yo byen rapid, alafwa pou travayè aktyèl ansanm ak nouvo travayè yo.

KONBAT DIVIZYON EPI ASIRE SEKIRITE PIBLIK

Li entèdi agresè seksyèl a wo risk yo pou gen aksè nan sistèm metwo, bis ak ray tren MTA yo: Bidjè a gen ladan yon nouvo mezi ki otorize yon jij pou entèdi moun ki angaje yo nan yon konduit seksyèl ilegal kont yon pasaje oswa yon anplwaye MTA oswa yon krim ki gen ladan atak kont yon anplwaye MTA pou yo itilize sèvis transpò MTA pou jiska twa ane, oswa osi lontan nan pwobasyon, si mwens. Nenpòt ki moun ki vyole kondisyon sa a ka gen sanksyon pou outraj yo pote kont yo. Gouvènè a te pwopoze mezi sa a an repons ak yon kantite ensidan resan nan MTA ki enplike agresè seksyèl ki repete.

Finansman pou Gwoup Travay kont Krim Lahèn nan Lapolis Eta a: Gouvènè a te tabli Gwoup Travay kont Krim Lahèn nan Lapolis Eta a an 2018, pou abòde ogmantasyon nan menas, asèlman ak vyolans ki baze sou prejije yo toupatou nan Eta New York. Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a gen ladan 2 milyon dola pou sipòte travay Gwoup Travay la kontinye ap fè yo, ak pou ranfòse siveyans medya dijital yo k ap pwomouvwa vyolans, entolerans, vant sibstans ilegal ak teworis.

Retire Tout Zam nan Men Agresè Domestik yo: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a otorize lapolis pou li retire zam sou sèn ensidan vyolans domestik. Li ta etabli tou yon deli vyolans domestik pou asire abizè yo pèdi aksè ak zam afe imedyatman apre kondanasyon.

Pi lwen, li ta otorize ofisye lapolis yo pou sezi zam nan kay yon moun ki vin sijè a yon lòd pwoteksyon ki rive akòz yon dispit domestik.

Li entèdi analòg fantanil yo: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a deziyen klèman kèk analòg fantanil kòm sibstans kontwòl nan Eta New York. Sa bay lapolis ak fòs de lòd yo otorite pou pouswiv manifakti, vant ak distribisyon medikaman sa yo nan tout mezi lalwa prevwa. Mezi a bay Komisè Depatman Sante Eta otorite tou pou ajoute analòg siplemantè nan lis sibstans ki sou kontwòl yo, sa ki ap pèmèt Eta a kanpe an kwa kont sibstans danjere sa yo lè yo parèt sou mache a.

Ajisteman nan Lwa sou Refòm Jistis Kriminèl 2019 yo: Bidjè a tou fè ajisteman nan lwa sou refòm kosyon 2019 la ki te adrese inegalite nan sistèm jistis kriminèl la. Bidjè a klarifye lwa 2019 la pou asire ke jij yo konnen tout opsyon ki disponib pou yo avèk respè kondisyon ki pa monetè pou liberasyon; amelyore opsyon kote yon jij ka kondisyonne liberasyon, ki gen ladan referans sante mantal ak kondisyon pou yo ale nan konsèy; epi li ajoute plizyè ofans ki ka kosyon ki elijib, ki gen ladan ofans trafik seksyèl, blanchiman lajan nan sipòte teworis nan 3èm ak 4èm degre, ofans pònografi jivenil, agresè a repetisyon, ak sila yo ki komèt krim ki lakoz lanmò.

PWOTEJE DEMOKRASI NOU AN AK ENSTORE KONFYANS NAN GOUVÈNMAN AN

Egzije Rekontaj Manyèl Otomatik Nan Eleksyon Sere Yo: Pou ranfòse konfyans nan entegrite rezilta eleksyon yo nan tout ras toupatou nan eta a, Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a enkli lejislasyon ki etabli nòm nan tout eta a pou lè konte otomatik bilten vòt yo deklanche ak pwosesis pou reyalizasyon rekontaj yo. Lejislasyon an egzije yon rekontaj otomatik nan tout eleksyon nan tout Eta a kote maj viktwa a pou yon kandida oswa pwopozisyon sifraj la se 0.2 pousan sou tout vòt ki eksprime nan kous la; Li egzije tou yon rekontaj otomatik nan tout lòt eleksyon yo kote maj viktwa a pou yon kandida oswa pwopozisyon sifraj la se 0.5 pousan sou tout vòt ki eksprime nan kous la.

Konte Chak Moun New York Nan Resansman 2020 an: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a founi finansman anplis pou asire yo byen konte chak Nouyòkè yo nan fason ekitab pandan pwochen resansman 2020 an. Finansman sa a bati sou kanpay pou enfòmè piblik la nan tout eta a sou Resansman, akouraje rezidan yo ranpli kesyonè a epi atenn kominote ki difisil pou yo konte yo.

Ranfòse lwa sou divilgasyon yo: An Jen 2016, nan mitan yon ogmantasyon mank transparans nan politik, Gouvènè Cuomo te pwopoze lejislasyon refòm etik pou reponn desizyon enpòtan an sou *Citizens United kont Komisyon Eleksyon Federal la (Citizens United v. Federal Election Commission)* ki te gen kòm konsekans règleman pi estrik sou finans kanpay. Lè toude Sena a ak Asanble a te adopte pwojè-lwa refòm etik yo, Gouvènè a te siyen Lwa Egzekitif New York (New York Executive Law) § 172, ki egzije

divilgasyon relasyon politik ak konpòtman yo jeneralman rekonèt kòm konsekan men ki opere pa anba. Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2021 Gouvènè Cuomo a ranfòse lwa sa a nan senplifye pwosesis rapò pou òganizasyon 501(c)(3) ak 501(c)(4) yo.

PWOMOUVWA SANTE PIBLIK

Etabli Konsòsyòm Sante Gerizon Alzheimer SUNY an. Konsòsyòm lan pral travay pou idantifye jèn yo ki predi yon ogmantasyon risk pou devlope Alzheimer a ak kolabore avèk enstitisyon rechèch piblik ak prive sou pwojè ak etid yo pou idantifye opòtinite yo pou devlope nouvo tretman ak gerizon terapetik pou Alzheimer a. Objektif Konsòsyòm la pral reprezante jenetik 1 milyon moun, ki ap souffri anba oswa ki arisk pou devlope maladi Alzheimer a, pandans 5 ane. Nouvo richès done sa a pral sipòte chèchè yo kòm yo ap travay pou devlope nouvo tretman ak gerizon pou maladi a.

Sit Entènèt Transparans Medikal Ogmante Transparans nan Depans pou Swen Sante yo pou Responsabilize Pasyon yo: Pou pèmèt konsomatè yo chache pi fasilman sèvis swen sante yo, Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a sipòte kreyasyon yon sit entènèt inik ak konvivial, ki rele NYHealthcareCompare, kote moun New York yo kapab konpare pri ak kalite pwosedi medikal nan lopital yo toupatou nan eta a. Se Depatman Sante, Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) ak Sant Sèvis Dijital ak Medya Eta New York (New York State Digital and Media Services Center) ki pral kreye sit wèb la.

Pwogram Sante Mantal pou Etidyan: Bidjè a founi 10 milyon dola nan finansman pou sibvansyon bay distri lekòl yo pou adrese sante mantal etidyan yo pa rapò ak dènye fèmte lekòl la. Sibvansyon sa yo gen entansyon amelyore aksè etidyan yo nan resous sante mantal ak ede etidyan ki eksperimante twomatiz ki afekte eksperyans edikasyon yo negativman. Se Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) ki pral administre pwogram sa a, epi devlope li an konsiltasyon avèk Depatman Edikasyon Eta (State Education Department) a.

INVESTI NAN EDIKASYON SIPERYÈ AK PWOTEJE MOUN KI FÈ PRÈ ETIDYAN YO

Investi nan pwogram opòtinite yo: Plis pase senp devlope pwogram pou ede ak frè eskolarite yo, Gouvènè a te sipòte epi li te kreye lòt pwogram pou adrese depans pou yo rann yo prezan epi ede etidyan ki gen pwoblèm edikasyon inik yo. Sa enkli yon ogmantasyon enpòtan nan pwogram opòtinite yo nan Resous Edikasyonèl Ouvè (Open Educational Resources) yo pou diminye oswa elimine kèk nan depans liv lekòl yo ak agrandi depo manje nan SUNY ak nan CUNY yo. Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a pral mete 213 milyon dola disponib pou pwogram opòtinite edikasyon siperyè ak sant fòmasyon yo, ki se yon ogmantasyon 57 pousan depi Ane Fiskal 2012 la.

Egzije Transparans ak Responsablite pou Inivèsite ki gen bi likratif yo: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a enkli inisyativ responsablite inivèsite ki gen bi likratif konsantre sou transparans ak rezilta pou asire ke yo byen sèvi etidyan nou yo nan lekòl sa yo. Anpil etid te revele ke inivèsite ki a bi likratif yo gen lyen nan rezilta negatif etidyan yo, espesyalman sa yo ki gen revni fèb, etidyan minorite ak letidyan ki se fi yo. Pou finansman 45 milyon dola ki soti nan men kontribyab ale nan enstitisyon sa yo, nou bezwen yon pi wo nivo responsablite ak transparans. Bidjè a pral egzije pou lekòl a bi

likratif yo pou demontre rezilta pozitif pou etidyan pa yo epi enkli divilgasyon de baz yo nan fon ak finansman, ki gen ladan pwogram reminerasyon lidè an chèf yo ak pwopriyete yo, ki gen ladan nenpòt bonis ak ankourajman enpòtan an. Anplis de sa, pou pwoteje ansyen konbatan New York yo kont lekòl san skripil ki vize yo pou avantaj yo an matyè edikasyon yo, Gouvènè a pral travay ak Depatman Sèvis Ansyen Konbatan (Department of Veteran Services) yo pou pote plis transparans nan lekòl ki gen bi likratif yo, idantifye opòtinite pou klarifye angajman eta a ak federal nan edikasyon ak ansyen konbatan Eta New York yo pral pwoteje nan espas edikasyon pou fè pwofi.

Ranfòse Enskripsyon Etidyan nan Kolèj nan Avantaj Pwogram Asistans

Nitrisyon Siplemantè (SNAP): Gouvènè a te aji pou diminye ensekirite alimantè nan mitan etidyan kolèj yo, kidonk pou yo konsantre pi fasil sou etid yo epi gradye avèk siksè. Pou kontinye efò sa yo, Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) pral etabli règleman pou fè plis etidyan kolèj kominotè kalifye pou avantaj SNAP yo esansyèl nan etabli yon politik eta kote etidyan kolèj kominotè te angaje omwen mwaye tan nan karyè etid edikasyon teknik yo egzante kondisyon pou travay 20 èdtan pa semèn pou kalifye pou SNAP. Chanjman règleman sa a pral ogmante patisipasyon etidyan kolèj ki gen revni fèb yo nan SNAP, pou ofri yo avantaj nitrisyonèl esansyèl pou yo gen plis chans pou yo jwenn sètifika oswa diplòm kolèj yo.

Kanpe Pratik Abizif ak Mansonjè nan Konpayi Alèjman Dèt Prè Etidyan

yo: Gouvènè Cuomo chanpyon nan sipòte asistans finansye ak soulajman dèt pou elèv New York yo, ki etabli Pwogram Anilasyon Dèt Mete w sou De Pye w (Get on Your Feet Loan Forgiveness Program)— sèl pwogram anilasyon prè ki baze sou bezwen ke eta patwonne ak règleman lwa ki preskri estanda kondwit pou konpayi sèvis prè etidyan yo. Sepandan, yo bezwen plis pwoteksyon pou pwoteje Nouyòkè yo kont konpayi soulajman dèt etidyan yo ki te gen yon move dosye nan sèvi kliyan yo. Konpayi sa yo anjeneral chaje moun ki fè prè etidyan yo frè sibstansyèl davans ak pwomèt pou ede yo ak konsolide prè pou plizyè etidyan an yon sèl prè oswa aranjman ranbousman altènatif. Enprentè yo, sepandan, ka souvan reyalize menm rezilta yo atravè pwogram gouvènman gratis yo. Bidjè a enkli lejislasyon anviwònman estanda pou endistri alèjman dèt prè nan New York.

KONTINYE KWASANS EKONOMIK AK PWOGRE SOSYAL NOU AN

Salè An Vigè: Egzije travayè k'ap travay nan pwojè prive ki resevwa sibvansyon piblik konsiderab yo pral peye yo yon salè ki an vigè. Pwojè prive ki pi laj pase 5 milyon dola kote omwen 30 pousan nan depans konstriksyon yo sipòte pa sibvansyon piblik, kredi taks, oswa kèk lòt ankourajman yo pral oblije peye yon salè ki an vigè, pwolonje pwoteksyon travayè enpòtan yo a menm plis eleman nan pwogram bilding New York ki pi gwo nan nasyon an.

Fè Lwa "New York Achte Ameriken" (New York Buy American) An

Pèmanan: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a fè Lwa Achte Ameriken an, ki prevwa ekspire an Avril 2020 an la, vin yon lwa pèmanan nan Eta New York. Lwa Achte Ameriken an egzije ajans Eta a yo pou yo itilize bon jan kalite fè ak asye estriktirèl yo fabrike Ozetazini, k'ap kontinye sipòte endistri fè ak asye Eta a, kreye djòb sendikal epi asire pwojè enfrastrikti nou yo dire byen lontan alavni.

Elaji Aksè a Sèvis Bank ki gen Sekirite e ki Abòdab, Kredi epi Edikasyon

Finansyè: Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a envesti 25 milyon dola nan nouvo finansman pandan senk ane pou sipòte Fon Enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè (Community Development Financial Institutions Fund, CDFI) New York la. CDFI yo souvan se sèl founisè sèvis bankè nan zòn ki gen revni fèb yo ak kominote defavorize yo atravè eta a. CDFI yo pral itilize finansman sa pou yon investisman global evalye a 30 milyon dola nan investisman sible nan kominote sa yo. Finansman sa a fè pati ajanda aksè ak enklizyon finansyè revolisyonè Gouvènè a k ap ajoute sou efò administrasyon li an te deja fè pou agrandi aksè a sèvis bankè sekirite ki nan pri abòdab, edukasyon sou kredi ak edukasyon finansyè. Bidjè a kreye tou yon Biwo Entegrasyon ak Ranfòsman Finansye (Office of Financial Inclusion and Empowerment) onivo eta a k ap chita nan Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services), pou reponn a bezwen sèvis finansye Nouyòkè ki gen revni fèb ak modere yo toupatou nan eta a.

FICH ENFÒMASYON BIDJÈ ANE FISKAL 2021 YO ADOPTE A

Akòz pandemi COVID-19 ki ankou a ak enpak negatif san parèy li sou ekonomi global la, Bidjè yo Adopte a kenbe sèvis ak pwogram vital yo, pandan l'ap asire dirabilite pou debouche anba lavil sa a, otorize yon reduksyon nan depans ki estime a 10 milya dola e ranfòse Direktè Bidjè Eta a pou devlope yon plan atravè rediksyon yon fason jeneral ak aplike plan sa a jan sa nesèsè pandan tout ane a.

Bidjè a tou mete mekanis an plas pou kontwòle depans nan ane a si revni yo bese pi plis menm, ak ogmante depans si swa revni yo ogmante nan pi wo nivo pase sa nou prevwa oswa si gouvènman federal la bay sipò pou konpanse pèt revni eta a. Tout depans fon yo estime pou totalize apeprè 177 milya dola ak depans fonksyonman eta a otorize jiska 105,8 milya dola, sepandan an absans asistans federal adisyonèl oswa yon rekiperasyon ekonomik ki rive pi rapid ke jan nou prevwa a, depans yo pral totalize 95,8 milya dola okòmansman.

Reyalinye èd lekòl la

Akòz defi ekstraòdinè ki soti nan kriz sante COVID-19 nou an, ki kreye yon pèt 10 milya dola nan revni Eta a, sipò pou lekòl yo ap rete prèske stab pou yon total de 27.9 milya dola nan èd lekòl la.

Repanse Medicaid ak Swen Sante yo

Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a ranfòse refòm nan pwogram Medicaid ki pral asire li rete finansyèman solid alavni pou li ka kontinye bay bon jan kalite swen a plis pase sis milyon Nouyòkè yo.

Depans Medicaid yo pral ogmante a 3%, oswa apeprè 500 milyon dola pou asire kontinite bon jan kalite swen pou 30 pousan Nouyòkè yo ki depann sou Medicaid pou swen sante. Kwasans depans lan kounye a aliye ak objektif Gouvènè a te etabli an 2012 ki te kenbe kwasans depans Medicaid Eta New York a mwens pase mwatye mwayèn nasyonal la, sa ki pèmèt kontribiyab yo ekonomize plis pase 19 milya dola a.

Se Ekip Rekonsepsyon Medicaid II (Medicaid Redesign Team II, MRT II) ki te devlope ak apwouve alinanimite anpil nan refòm sa yo, yon echantyon reprezantatif nan founisè swen sante, travayè, gouvènman lokal ak lòt moun ki gen enterè nan endistri a. Yo te gen responsablite pou refòme sistèm lan, epi rekòmandasyon yo te atache ak direktiv Gouvènè a ke yo dwe gen zero enpak sou gouvènman lokal yo ak zero enpak sou benefisyè yo.

Refòm ki enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2021 yo Adopte a enkli yon transfòmasyon nan estrikti ranbousman lopital la pou bay pi bon sèvis sipò ak sa yo ki pa gen asirans, ogmante investisman nan swen primè pou evite ospitalizasyon ki koute pi chè, ak nouvo kondisyon ki amelyore siveyans nan swen ki jere ak nan transpò.

Refòm yo adrese tou swen ki jere alontèm, ki se sektè k'ap grandi pi rapid nan Medicaid la. Sa yo enkli amonize kondisyon elijiblite Eta New York ak sila yo ki nan lòt eta yo pou nouvo aplikan pou Pwogram Asistans Pèsonèl pou Konsomatè (Consumer Directed Personal Assistance Program) ak Sèvis Swen Pèsonèl (Personal Care Services) yo epi amelyore egzijans rapò pou toude pwogram yo; limite enskripsyon nan tout eta a nan swen ki jere alontèm ankouraje plan pou ede nan asire enskripsyon ki apwopriye; epi kreye yon evalyatè endepandan nan tout eta a pou reyalize efikasite nan retire efò doub yo pou detèmine elijibilite ak enskripsyon nan pwogram swen ki jere alontèm yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)